



Town of **DEDHAM**  
*Massachusetts*

# Reyinyon Piblik pou Enfòmasyon Amelyorasyon nan Lari ak Twotwa sou Bussey Street ansanm ak Pon D-05-010

## Sa k ap pase?

Rezon pou reyinyon sa a, se bay rezidan Dedham ak lòt kominote toupre yo yon chans pou yo konprann nèt chanjman ki fèt nan pwojè Bussey Street nan Dedham, MA a, pandan n ap vanse nan pwogrè konstriksyon yo nan sezon Ete 2023 a. Reyinyon an pral kouvri yon apèsi pwojè a, kalandriye pwojè a, lè travay yo, ak konsekans yo prevwa sou sikilasyon oto yo, ak yon lòt wout k ap sèvi pandan y ap bati pon an.

## Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pyeton yo pral kapab kontinye pase sou pon ki la kounye a pandan travay konstriksyon yo ap fèt. Lòt wout ki pral sèvi pou detounen sikilasyon veyikil yo pandan pon an ap bati, ap antre nan sèvis ant mwatye ak fen septanm 2023 pou rive nan sezon Ete 2025 lan; gade pi ba la a, pou wè kote wout sa yo kapab pase.

- High Street pou ale nan Maverick Street ak nan Colburn Street ak nan Bussey Street
- Sawmill Lane pou ale nan Emmett Avenue pou ale nan Colburn Street pou ale nan Bussey Street.



Sit entènèt  
evènman  
MassDOT  
Highway

## Kilè

Mèkredi 16 out 2023  
Reyinyon vityèl nan 12:00 PM  
An pèsòn soti 6:00 pou 8:00 PM

## Ki Kote

Dedham Town Hall & Virtually  
O'Brien Meeting Room (3<sup>rd</sup> Floor)  
450 Washington Street  
Dedham, MA 02026



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande fè aranjman sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès



[MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us](mailto:MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonik: [MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us](mailto:MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us)  
Voye nenpòt kesyon ekri sou travay yo pwopoze a bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: MAJOR PROJECTS, PROJECT FILE NO. [FILE NO.]**